



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI PWOLONJE FENÈT RETWOSPEKTIF POU LWA SOU VIKTIM KI TIMOUN

Reklamasyon CVA yo ka depoze kounye a jiska 14 out 2021

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S7082/A9036) ki pwolonje fenèt retwospektif pou viktim yo depoze reklamasyon nan kad Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act), kèlkeswa kilè oswa depi konbyen tan abi prezime a te fèt. Depi lè sa te antre anvigè ane pase, Lwa sou Viktim ki Timoun yo te ouvri wout lajistis pou plizyè milye sivivan. Akòz ijans sante piblik COVID-19 la, nan dat 8 me, Gouvènè Cuomo te pibliye yon dekrè egzekitif ki [pwolonje fenèt la](#) jiska 14 janvyè 2021. Lejislasyon an ki te siyen jodi a pwolonje peryòd depozisyon espesyal la pou yon ane konplè epi kounye a ka depoze nan kad Lwa sou Viktim ki Timoun yo jiska 14 out 2021.

"Lwa sou Viktim ki Timoun yo te louvri yon chemen pou jistis ki te nesèsè anpil pou moun ki te sibi abi, epi ede repare tò ki pa te rekonèt ak te rete san pini pandan twò lontan epi nou pa ka kite pandemi sa a limite kapasite pou sivivan yo pase jounen yo nan tribinal", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan New York kontinye re-ouvri ak rekipere de yon kriz sante piblik, pwolonje fenèt retwospektif la se bagay kòrèk la pou nou fè epi ap ede asire ke agresè yo ak sila yo ki te pèmèt sa responsab pou yo."

Senatè Brad Hoylman te di, "Lwa sou Viktim ki Timoun yo te otorize plis pase 3,000 sivivan brav pou vini chèche lajistis. Men, li klè anpil Nouyòkè ki te siviv abi seksyèl pa te prezante — espesyalman pandan kriz COVID-19 la ki te boulvèse tribinal ak ekonomi nou an. Mwen rekonesan anpil pou Gouvènè Cuomo dèske li te siyen lejislasyon nou an ki pwolonje Lwa sou Viktim ki Timoun yo pou yon ane anplis ak lidèchip Lidè Sena Andrea Stewart-Cousins dèske li fè dwa sivivan yo yon priyorite, ansanm ak esponsò Asanble a, Linda B. Rosenthal. Prensipalman, merit yo se pou sivivan kouraje abi seksyèl sou timoun, ki te pataje avèk kouraj istwa pèsonèl yo pou plis Nouyòkè ka gen chans kenbe agresè yo ak enstitisyon ki kenbe yo responsab".

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Sivivan abi seksyèl pandan anfans yo ka pran yon souf soulajman kounye a ke fenèt retwospektif Lwa sou Viktim ki Timoun yo te pwolonje pou yon ane anplis. Apre lit pou adopte lwa a pandan 13 ane, anpil moun te krenn pandemi COVID-19 la ak fèmtri tribinal yo te vle di ke tan an fini konsènan opòtinite yo pou chèche jistis. Mwen remèsye Gouvènè a dèske li te adopte lwa sa a, sa ki asire ke tout moun k ap mande reparasyon pou abi lèd yo te fè sou yo ap gen jiska 14 out 2021 pou fè sa".

Ane pase, Gouvènè Cuomo [te siyen Lwa sou Viktim ki Timoun](#) pou asire sivivan abi seksyèl pandan anfans yo jwenn yon chemen pou lajistis, ki gen ladan kapasite pou depoze yon dosye ki te deja preskri oswa ekspire pandan yon ane. Fenèt sa a pou depoze yon dosye ki ekspire oswa preskri te dwe fèmen nan dat 14 out 2020, men Dekrè Egzekitif nan dat 8 me a te pwolonje li jiska mwa janvyè.

Lwa sou Viktim ki Timoun yo:

- Ogmante kantite tan pandan kote otè krim sa yo ka resevwa pouswit kriminèl
- Pèmèt viktim krim sa yo pou kòmanse pwosè sivil nan nenpòt ki moman anvan yo rive nan laj 55 lane:
- Bay sivivan yo k ap chèche tante aksyon kont enstitisyon piblik ak prive yo pou reklamasyon ki te preskri, pou jwenn yon nouvo opòtinite pou jounen yo nan tribinal nan ouvri yon fenèt yon ane, kounye a ki te pwolonje pou de ane, pou yo kòmanse aksyon sivil yo;
- Elimine nesosite pou depoze yon notifikasyon plent pou krim seksyèl yo komèt kont yon minè;
- Ekzije fòmasyon jidisyè nan sa ki konsène krim ki enplike agresyon seksyèl kont minè;
- Otorize Biwo Administrasyon Tribinal (Office of Court Administration) pou pwomilge règ ak regleman pou desizyon atan pou yon aksyon yo renouvle.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)